# ÓZBEKSTAN MEKTEPLERINDE BAHALAW SISTEMASIN JETILISTIRIWDE FINLYANDIYA MODELINIŃ ÁHMIYETI

**Xudaybergenova Zuxra Isakovna**
**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń 1-kurs magistrantı (Qaraqalpaqstan Respublikası, Nókis qalası)**
**zxudaybergenova70@gmail.com**
**+998999529202**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20485534

**Annotaciya**: Bul tezisde Finlyandiya bilimlendiriw sistemasında qollanılıp atırǵan oqıwshılardıń bilimin bahalaw mexanizmleriniń ózine tán tárepleri hám olardıń Ózbekstan mektepleri bahalaw sistemasın jetilistiriwdegi áhmiyeti jarıtılǵan. Izertlewde formativ bahalaw, individual qatnas, stressiz bilimlendiriw ortalıǵı hám oqıtıwshınıń erkinligi sıyaqlı faktorlardıń bilimlendiriw sapasına tásiri tallandı. Sonday-aq, Finlyandiya modeliniń milliy bilimlendiriw sistemasına beyimlestiriw imkaniyatları hám perspektivaları tiykarlap berilgen.

**Gilt sózler:** Finlyandiya modeli, bahalaw sisteması, formativ bahalaw, bilimlendiriw sapası, oqıwshılar ózlestiriwi, innovaciyalıq qatnas, pedagogikalıq tájiriybe, Ózbekstan mektepleri.

Házirgi kúnde bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw hám oqıwshılardıń bilimin xalıqaralıq standartlar tiykarında bahalaw máselesi dúnya kóleminde áhmiyetli wazıypalardan biri esaplanadı. Ózbekstan bilimlendiriw sistemasında da bahalaw mexanizmlerin modernizaciyalaw, oqıwshılardıń ámeliy hám kreativ kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan reformalar ámelge asırılmaqta. Usı jaǵınan xalıqaralıq tájiriybeni, ásirese, bilimlendiriw sapası boyınsha joqarı nátiyjelerge erisken Finlyandiya modelin úyreniw úlken ilimiy-ámeliy áhmiyetke iye.

Házirgi kúnde bilimlendiriw sistemasında da kóplegen innovaciyalıq ideyalar, xalıqaralıq tájiriybeler qollanılıp kelinbekte. Elimizdegi bilimlendiriw orınlarında da xalıqaralıq bilimlendiriw shólkemleri tárepinen islep shıǵılǵan jańa sistemalar ámeliyatqa engizilmekte. Buǵan mısal etip aytatuǵın bolsaq, jańa bahalaw sisteması házirgi kúnde kóplegen rawajlanǵan mámleketlerde keńnen qollanılıp kelinbekte. Oqıwshılardı bahalawda formativ hám summativ bahalaw sisteması islep shıǵılǵan. Hár sherekte alınatuǵın qadaǵalaw jumısları test túrinde bolıp, oqıwshılardıń pán boyınsha iyelegen bilimlerin 3 túrge ajıratqan halda bahalap barıladı.

Jańa bahalaw sisteması dáslep, Prezident mekteplerinde engizildi. Keyin ala bul bahalaw sisteması qánigelestirilgen bilimlendiriw mekemeleri agentligi sistemasında shólkemlestirilgen mektep-internatları hám mekteplerde de jolǵa qoyıldı. Húrmetli Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyevtiń baslamaları menen 2023-2024-oqıw jılınan 500 ulıwma orta bilimlendiriw shólkemlerinde de jańa bahalaw sisteması jolǵa qoyıldı. Onda agentlik sistemasındaǵı qánigelestirilgen mektep-internat hám mektep muǵallimlerinen trener muǵallimler qáliplestirilip, jańa bahalaw sistemasına ótken mekteplerde trener muǵallim sıpatında jumıs islerin basladı. Onda hár bir rayonnan tańlap alınǵan mekteplerge qánigelestirilgen mektepler tayanısh mektep sıpatında belgilendi. Jańa bahalaw sistemasında hár bir pánnen oqıwshı 100 ballıq bahalaw sistemasında bahalanadı. 50 ball sherek dawamında alınǵan bap boyınsha summativ bahalar jıyındısınan quralǵan. Bunda sherek dawamındaǵı bap juwmaqları boyınsha qadaǵalawlar alıp barıladı. Bul summativ bahalaw joybar jumısı, laboratoriya jumısı, ámeliy shınıǵıw sıyaqlı kishi túrlerge de bólinedi. Sherek juwmaǵında 40 ballıq qadaǵalaw jumısı alınadı. Qalǵan 10 balldı formativ baha sıpatında pán muǵallimi bahalaydı. Bunda 10 balldıń 4 ballı oqıwshınıń úy jumısların orınlaǵanı ushın, 6 ballı bolsa sabaqta qatnasqanı ushın qoyıladı.

Finlyandiya bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı abzallıqlarınan biri oqıwshılardıń bilimin bahalawdıń insanıylıq hám rawajlandırıwshı qatnasqa tiykarlanǵanlıǵında. Bul sistemada oqıwshı shaxsına individual qatnas, stressiz bilimlendiriw ortalıǵı hám de formativ bahalaw usıllarına úlken itibar qaratıladı.

Finlyandiya mekteplerinde bahalawdıń tiykarǵı maqseti oqıwshını qadaǵalaw emes, al onıń rawajlanıwın qollap-quwatlawdan ibarat. Sol sebepli dáslepki basqıshlarda sanlı bahalawǵa qaraǵanda sıpatlawshı bahalaw usılları keńnen qollanıladı. Bul bolsa oqıwshılarda artıqsha basım hám qorqıwdı azaytadı hám bilimge bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttıradı.

Finlyandiya modelinde formativ bahalaw ayrıqsha orın tutadı. Oqıtıwshı oqıwshınıń sabaq procesindegi belsendiligi, erkin pikirlewi hám ámeliy kónlikpelerin turaqlı baqlap baradı. Nátiyjede bahalaw procesi rawajlandırıwshı xarakterge iye boladı.

Finlyandiya bilimlendiriw sistemasınıń nátiyjeliligi xalıqaralıq bahalaw baǵdarlamalarında turaqlı joqarı nátiyjelerdi atap kiyatırǵanı menen de tastıyıqlanadı. Atap aytqanda, 2000-2018-jıllar dawamında PISA (Programme for International Student Assessment) xalıqaralıq izertlewlerinde Finlyandiya oqıwshıları oqıw sawatlılıǵı, matematika hám tábiyǵıy pánler baǵdarları boyınsha dúnyanıń jetekshi mámleketleri qatarınan orın aldı. Qánigeler bul nátiyjelerdiń tiykarǵı faktorlarınan biri sıpatında bahalaw sistemasınıń oqıwshı shaxsına baǵdarlanǵanlıǵın kórsetedi.

Finlyandiyada ulıwma orta bilimlendiriwdiń dáslepki altı jılında standartlastırılǵan test sınaqları derlik ótkerilmeydi. Oqıwshılardıń bilimin anıqlawda kúndelikli baqlaw, joybar jumısları, awızeki sóylesiw hám ámeliy tapsırmalarǵa tiykarǵı áhmiyet beriledi. Máselen, baslawısh klass oqıwshısınıń bahası tek test nátiyjesi menen emes, al onıń jámáátte islewi, mashqalanı sheshiw qábileti hám dóretiwshilik pikirlewi tiykarında qáliplesedi. Bul qatnas oqıwshılarda sın kózqarastan hám erkin pikirlew kompetenciyaların rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

Jáne bir áhmiyetli tárepi sonda, Finlyandiyada oqıtıwshılar magistr dárejesine iye bolıwı májbúriy esaplanadı. Pedagoglardıń joqarı mamanlıǵı olarǵa bahalaw kriteriyaların erkin islep shıǵıw imkaniyatın beredi. Statistikalıq maǵlıwmatlarǵa bola, Finlyandiyada oqıtıwshılıq kásibi eń abıraylı kásiplerden biri bolıp, pedagogika baǵdarlarına hújjet tapsırǵanlardıń derlik 10 procenti ǵana qabıl etiledi. Bul bolsa bilimlendiriwdiń sapası hám bahalaw procesiniń nátiyjeliligin támiyinlewshi tiykarǵı faktorlardan biri bolıp esaplanadı.

Ózbekstan bilimlendiriw sistemasında bolsa keyingi jılları bahalaw sistemasın xalıqaralıq standartlarǵa beyimlestiriw boyınsha bir qatar reformalar ámelge asırılmaqta. Sonıń ishinde, PIRLS hám PISA xalıqaralıq izertlewlerinde qatnasıw arqalı oqıwshılardıń funkcionallıq sawatlılıǵın bahalawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. 2021-jıldan baslap ayırım mekteplerde kompetenciyalıq bahalaw elementleri engizile basladı. Biraq ámeliyatta bahalawdıń kóbirek test hám juwmaqlawshı qadaǵalaw formasına súyenip atırǵanı oqıwshılardıń dóretiwshilik hám analitikalıq pikirlewin tolıq kórsetiw imkaniyatın sheklep qoymaqta.

Sol sebepli Finlyandiya tájiriybesinen kelip shıǵıp, Ózbekstan mekteplerinde formativ bahalaw úlesin arttırıw, elektron portfolio sistemasın engiziw hám oqıwshılardıń individual rawajlanıw kartasın júrgiziw maqsetke muwapıq. Ásirese, baslawısh tálim basqıshında xoshametlewshi, sıpatlawshı bahalawdı qollanıw oqıwshılardıń mektepke beyimlesiwin hám bilimge qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

Bunnan tısqarı, Finlyandiyada "az úy tapsırması - kóbirek ámeliy jumıs" principi qollanıladı. Oqıwshılardıń bilimin bahalawda real turmıslıq jaǵdaylarga tiykarlangan tapsırmalardan paydalanıladı. Ózbekstan mekteplerinde de STEAM texnologiyaları, joybarlaw jumısları hám

mashqalalı tapsırmalar tiykarında bahalaw mexanizmlerin rawajlandırıw oqıwshılardıń ámeliy kompetenciyaların kúsheytiwge járdem beredi.

Ulıwma alǵanda, Finlyandiya modeliniń tiykarǵı abzallıǵı bahalawdı báseki quralınan rawajlandırıwshı pedagogikalıq processke aylandıra alǵanında bolıp tabıladı. Bul tájiriybeniń nátiyjeli tárepleriń milliy qádiriyatlar hám bar bilimlendiriw sharayatların esapqa alǵan halda engiziw Ózbekstan bilimlendiriw sistemasınıń xalıqaralıq reytinglerdegi ornın bekkemlewge xızmet etedi.

Ózbekstan mekteplerinde bolsa bahalaw kóbirek juwmaqlawshı nátiyjege baǵdarlanǵan bolıp, ayırım jaǵdaylarda oqıwshılarda psixologiyalıq basımdı júzege keltiredi. Sonlıqtan Finlyandiya tájiriybesindegi xoshametlewshi hám motivaciyalıq bahalaw mexanizmlerin engiziw bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıwǵa xızmet etedi.

Bunnan tısqarı, pedagoglardıń bahalaw boyınsha kásiplik kompetenciyaların rawajlandırıw da áhmiyetli faktor esaplanadı. Finlyandiyada oqıtıwshılarǵa úlken pedagogikalıq erkinlik beriledi hám olar bahalaw kriteriyaların erkin tańlay aladı. Ózbekstanda da oqıtıwshılardıń zamanagóy bahalaw metodları boyınsha qánigeligin arttırıw áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp esaplanadı.

**Juwmaq:** Finlyandiya bilimlendiriw sistemasındaǵı bahalaw mexanizmleri oqıwshılardıń bilim alıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw, erkin pikirlewdi rawajlandırıw hám bilimlendiriwdiń sapasın jaqsılawda ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul tájiriybeniń nátiyjeli tárepleriń Ózbekstan bilimlendiriw sistemasına basqıshpa-basqısh beyimlestiriw arqalı bahalaw sistemasın jáne de jetilistiriw múmkin.

Ásirese, formativ bahalawdı keńnen engiziw, oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin esapqa alıw hám stresssiz bilimlendiriw ortalıǵın jaratıw bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıwǵa xızmet etedi. Sol sebepli Finlyandiya modelin úyreniw hám milliy bilimlendiriw sistemasına beyimlestiriw búgingi kúnniń áhmiyetli pedagogikalıq wazıypalarınan biri esaplanadı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining “Maktabgacha va maktab ta’limi vazirligi hamda uning tizimdagi tashkilotlar faoliyatini samarali tashkil etish chora-tadbirlari to‘g‘risida” PF-79 Farmoni.
2. Axmadjonova Yo.T.,Yaxshiyeva Z. Z.,Axmadjonova U.T. Ta'lim sifatini baholash xorij tajribasi misolida o'rganilmoqda // O’qituvchining kasbiy standarti: amaliyotga joriy qilish va istiqboldagi vazifalar.-2021.
3. Bekdurdiyev Z. Yangi o‘zbekistonda – yangi baholash tizimi // «Zamanoviy dunyoda ilm-fan va texnologiya» nomli ilmiy-amaliy konferensiya 13-14-b.
4. Antikainen, Ari; Luukkainen, Anna (2008). “Twenty-five Years of Educational Reform Initiatives in Finland” (PDF). University of Eastern Finland. Archived from the original (PDF) on 2017-05-17.
5. Yaxshiyeva Z. Z., Axmadjonova Yo. T., Siddikova Sh. A.. Pisa – ta'lim sifatini oshirish mezoni // «Современные тенденции начального образования: интеграция образования и подготовки» Международная научно-практическая конференция.- Джизак,2021.–с.313-316
6. Kengesbayevich, R. M. (2025). PSYCHOLOGICAL DEFENCES IN CHILDREN. In *International Conference on Adaptive Learning Technologies* (Vol. 13, pp. 22-23).